



**Sistèm Planifikasyon egzamen pratik kondui DMV an rapid, fasil pou itilize epi li konfòtab!**

Sistèm Planifikasyon egzamen pratik kondui DMV an disponib 24 èdtan chak jou pou ou pwograme yon randevou pou, repwograme, oswa anile yon egzamen pratik kondui nan telefòn oswa sou Entènèt pou lisans kategori D, DJ oswa E (ti machin oswa ti kamyon), M oswa MJ (motosiklèt), epi pou lisans komèsyal kategori A, B, ak C (gwo kamyon, remòk oswa bis). Ou kapab itilize sistèm DMV an pou jwenn direktiv pou konnen kote w ap sibi egzamen pratik kondui an, oswa pou techeke yon randevou ou te pran pou egzamen pratik kondui an.

**POU PWOGAME YON RANDEVOU POU EGZAMEN PRATIK KONDUI AN, OU DWE GEN YON PÈMI APRANTI ETA NEW YORK (NYS) BA OU KI VALAB.**

**PRAN RANDEVOU POU, REPWOGAME OSWA ANILE EGZAMEN PRATIK KONDUI OU AN** nan telefòn oswa sou Entènèt pou nenpòt nan kategori lisans sa yo:

- ◆ **D, DJ**, oswa **E** (ti machin oswa ti kamyon) epi **M** oswa **MJ** Motosiklèt:
- ◆ **Kategori A, B, oswa C** (gros kamyon, remòk, oswa bis) - Avan ou pwograme yon randevou pou yon egzamen pratik kondui pou youn nan kategori sa yo, ou dwe peye yon frè 40\$ pou egzamen an. Ou kapab peye frè an nan telefòn, sou Entènèt, oswa nan yon Biwo Imatrikilasyon pou Machin a Motè. Lè ou programe egzamen pratik kondui ou an, ou dwe bay nimewo ki sou resi yo ba w la lè ou peye frè an.

**NÒT POU TOUT KLIYAN YO:** Lè w ap pwograme yon randevou pou egzamen pratik kondui ou an, tanpri mete nan tèt ou anpil semèn kapab pase anvan ou pase egzamen pratik kondui ou an.

**ANVAN OU PRAN RANDEVOU OU AN:**

**Si ou pa gen yon lisans pou kondui Eta New York (NYS) ba w, ou dwe patisipe nan yon kou preparasyon pou lisans DMV apwouve anvan ou pwograme yon egzamen pratik kondui.** Ou kapab pran yon kou yo apwouve nan lekòl segondè, inivèsite, lekòl kondui, oswa sou yon sit entènèt otorise. DMV genyen yon zouti pou fè rechèch sou sit entènèt nou an pou ede ou jwenn lekòl kondui ki otorise ki kapab ba ou kou preparasyon pou pèmi kondui ak fòmasyon sou machin. Ale sou sit entènèt nou nan <https://dmv.ny.gov/nys-driving-schools>. Pou planifye egzamen pratik kondui ou an, si w pa swiv yon kou preparasyon pou pèmi kondui anliy nan ane ki sot pase an, ou dwe genyen youn nan sètifika sa yo:

- ◆ yon **Sètifika Reyisit pou Kou Preparasyon pou Pèmi Kondui** (fòm MV-278) yo te ba w nan ane ki sot pase an, oswa
- ◆ yon **Sètifika Reyisit Etidyan** (fòm MV-285) yo ba w nan 2 dènye ane ki sot pase yo

Si ou te pèdi sètifika ou, ou dwe resewva yon nouvo sètifika responsab kou an ap ba ou anvan ou pwograme egzamen pratik kondui ou an.

**Si ou gen yon Pèmi Apranti Minè**, pèmi ou dwe toujou valid (li pa dwe ekspire) pou pi piti 6 mwa avan jou ou pral pase egzamen pratik kondui an. Ou ta dwe gade si ou respekte tout egzijans sa yo, paske si ou pa respekte egzijans sa yo ou p ap kapab pwograme yon egzamen pratik kondui. Pou w konnen si pèmi ou valab, ou kapab enskri pou yon kont MyDMV gratis nan sitwèb [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov).

**NÒT POU TOUT MOUN KI GEN PÈMI APRANTI LISANS KOMÈSYAL (COMMERCIAL LEARNER PERMIT, CLP):** Apati dat 7 fevriye, 2022, si w ap aplike pou yon CDL pou premye fwa oswa ou ap aplike pou yon pèmi Hazmat, Pasaje, oswa Bis Eskolè pou premye fwa, ou dwe swiv yon fòmasyon kondui premye nivo (entry-level driver training, ELDT) avan ou pase egzamen pratik kondui CDL la. Tès ELDT a obligatwa avan ou pase Tès Konesans pou Pwodwi Toksik yo. Responsab fòmasyon a dwe anrejistre nan rejis responsab fòmasyon FMCSA yo <https://tpr.fmcsa.dot.gov>.

Ale nan Kesyon Moun Poze souvan pou ELDT yo nan <https://dmv.ny.gov/commercial-drivers/entry-level-driver-training-faq> pou jwenn plis enfòmasyon sou ELDT a.

**POU PWOGAME YON RANDEVOU POU EGZAMEN PRATIK KONDUI OU AN:**

Lè w ap pwograme yon randevou pou egzamen pratik kondui nan telefòn oswa sou Entènèt, bay enfòmasyon ki afiche pi ba yo:

- ◆ Nimewo idantifikasyon 9 chif ki afiche devan pèmi apranti oswa pèmi kondui Eta New York (NYS) ba ou an.
- ◆ **Si ou pa gen yon pèmi kondui Eta New York (NYS):** bay nimewo youn nan sètifika ki afiche anba yo:
  - ✓ sètifika **Reyisit pou Kou Preparasyon pou Pèmi Kondui** (fòm MV-278), si w pa t pran kou an anliy, oswa
  - ✓ sètifika **Reyisit Etidyan** (fòm MV-285) w te jwenn nan kou kondui ou an.
- ◆ Kòd postal 5 chif ou an oswa kòd postal zòn kote ou vle pase egzamen pratik kondui ou an.
- ◆ Nimewo telefòn mobil ou
- ◆ Machin reprezantasyon w lan

**NÒT POU MOUN KI GEN PÈMI APRANTI LISANS KOMÈSYAL (COMMERCIAL LEARNER PERMIT, CLP):** Ou kapab pwograme egzamen pratik kondui ou an avan ou swiv fòmasyon kondui premye nivo (entry-level driver training, ELDT) men ou dwe gen sètifika ELDT nan dosye ou 7 jou anvan ou pwograme egzamen pratik kondui ou an oswa y ap anile egzamen an.

## POU ANILE, REPWOGAME OSWA KONFIME RANDEVOU POU EGZAMEN PRATIK KONDUI OU AN:

Pou anile, repwogame oswa konfime randevou pou egzamen pratik kondui ou an, ale sou [dmv.ny.gov/roadtest](http://dmv.ny.gov/roadtest) oswa rele (518) 402-2100. Ou dwe bay nimewo idantifikasyon 9 chif ou an ki nan pèmi apranti oswa pèmi kondui Eta New York ba ou an. Sistèm nan ap bay direktiv ou dwe suiv yo. Ou ta dwe itilize sistèm lan pou w konfime si randevou ou chanje pou nenpòt rezon (pa egzanp, yon chanjman oswa yon anilasyon ki fèt poutèt move tan.)

**ENPÒTAN: POU ANILE YON EGZAMEN PRATIK KONDUI POU KATEGORI A, B, OSWA, C EPI POU PA PÈDI FRÈ \$40 OU AN, ou dwe anile randevou ou an omwen 3 jou ouvrab avan dat ak lè egzamen pratik kondui an.** Si ou pèdi \$40 ou te peye an, ou dwe peye \$40 ankò avan ou pase egzamen pratik kondui an.

**NÒT POU TOUT MOUN KI GEN PÈMI APRANTI LISANS KOMÈSYAL (COMMERCIAL LEARNER PERMIT, CLP):** Si yo pa depoze ELDT an 7 jou anvan ou pase egzamen pratik kondui an, y ap anile ekzamen kondui an. Ou pap pèdi \$40 ou te peye a. Ou kapab repwogame egzamen pratik kondui an epi ou kapab pran egzamen pratik kondui an yon fwa ELDT konplè ou an nan dosye DMV an.

## OU DWE POTE TOUT SA KI AFICHE ANBA LA A NAN EGZAMEN PRATIK KONDUI OU AN:

1. Yon pèmi **apranti NYS ba ou ki gen foto**. Si ou gen yon pèmi pwovizwa oswa tanporè ki pa gen foto w sou li, **ou dwe** pote kat idantite Eta New York (NYS) oswa pèmi kondui Eta New York (NYS) ba ou ki gen foto w ladan l (dokiman ak foto lòt eta pa otorize). **REMAKE:** Si ou gen pèmi kondui Eta New York (NYS) ba ou nan yon lòt kategori epi ou bezwen pase egzamen pratik kondui pou ou kapab chanje kategori oswa ajoute yon lòt kategori ou dwe pote pèmi kondui Eta New York (NYS) w ap itilize kounyea nan egzamen pratik kondui a.
2. Si ou ap aplike pou pran pèmi orijinal ou an, ou dwe pase Kou Preparasyon pou Pèmi Kondui an oswa Kou pou Aprann Kondui an epi pote yon Sètifika Reyisit Kou Preparasyon Lisans lan (fòm MV-278) oswa Sètifika Reyisit Etidyan an (form MV-285). Si w te swiv kou Preparasyon pou Pèmi Kondui an anliy, ou p ap bezwen bay Sètifika Preparasyon pou Pèmi Kondui an (fòm MV-278). Si ou gen pèmi kondui Eta New York (NYS) ba ou nan yon lòt kategori epi ou bezwen pase egzamen pratik kondui pou ou kapab chanje kategori oswa ajoute yon lòt kategori ou dwe pote pèmi kondui Eta New York (NYS) w ap itilize kounyea nan egzamen pratik kondui a.
3. Si ou gen yon pèmi apranti minè (DJ oswa MJ), ou dwe vin ak yon Sètifika Kondui Sipèvize (fòm MV-262) paran ou oswa responsab legal ou siyen ki konfime ou te kondui anba sipèvizyon yon moun pandan kantite èdtan ki obligatwa an. Ou dwe remèt MV-262 an bay responsab egzamen pèmi kondui an chak fwa wap pran egzamen pratik kondui a.
4. Yon machin ke ou pral kondwi pou pase egzamen an. Machin nan dwe nan yon bon eta epi li dwe gen yon plak valab, yon viyèt ki valid, epi li dwe gen asirans. Ou dwe avèk yon chofè ki gen pou pi piti dizuit (18) lane epi ki gen yon lisans ki valab pou li kondwi machin pou egzamen pratik kondwi an. Si w ap kondwi machin nan nan espas pou fè egzamen pratik kondwi an, ou dwe avèk yon moun ki gen pou piti venteyen (21) lane epi ki gen yon lisans ki valid pou kondwi kategori machin ou ladan l lan. Ou pa kapab pase yon egzamen pratik kondwi nan yon **\*\*machin motè twa (3) wou jan yo defini sa nan REMAKE** anba nimewo senk (5) la pi ba a.  
**REMAKE:** Pou aplikan egzamen pou pèmi komèsyal yo (CDL), nou dwe pote yon machin reprezantasyon pou kategori pèmi nou vle genyen epi nou te suiv fòmasyon ELDT pou li an.
5. Pou pase yon egzamen pratik kondwi pou motosiklèt oswa pou itilizasyon motosiklèt ak limit, ou dwe vini ak motosiklèt la ak yon machin ak yon chofè ki gen lisans pou egzaminatè a kapab monte nan machin nan pou obsève w lè w ap kondwi motosiklèt la pandan egzamen pratik la. Ou pa kapab pase yon egzamen pratik kondwi nan yon **\*\*machin motè 3 wou**. Si w gen yon lisans pou kondwi Eta New York (NYS) ba w, ou dwe vin ak lisans la nan egzamen an. Si se premye pèmi kondwi ou nan Eta New York (NYS) lan, ou dwe suiv Kou Preparasyon pou Lisans lan oswa Edikasyon chofè.  
**REMAKE:** **\*\*Yon machin motè twa (3) wou ki gen de (2) wou devan an ak yon (1) sèl wou nan dèyè, epi ki gen ekipman tankou gidon, senti sekirite ak plas kote chofè a pa ka byen chita oswa chita an kalifouchon p ap ka sèvi pou yon egzamen pratik pou kondwi.**
6. Pou fè yon tès pratik pou Kategori A, B oswa C, si ou dwe reponn ak egzijans medikal federal yo, ou dwe pote yon Sètifika Medikal nan on Biwo Imatrikilasyon pou Machin a Motè. Ale nan fòm MV-44.5 “Egzijans Federal pou Pèmi Kondui Komèsyal la” pou jwenn enfòmasyon sou egzijans sètifikasyon medikal.

## APRE EGZAMEN PRATIK KONDUI AN

Après egzamen pratik kondui an, ou ap resevwa yon kat ki gen edirektiv sou kijan w pral pran rezilta egzamen pratik kondui an ak lòt direktiv adisyonèl pou konnen sa pou w fè apre. Tann jiska 6pm nan jou ou pase egzamen pratik kondui an pou w konekte sou sit entènèt ki la pou sa a.